ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№56 (23.464) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и япэ вице-премьер Шувалов И. И. Москва щригъэкIуэкIащ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А.

Япэ вице-премьер Шувалов Игорь Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

Зыхэплъа Iуэхухэм ящыщщ федерацэм и субъектхэм щыпсэухэр лэжьапIэ IэнатIэхэмкIэ къыззрызэгъэпэщащ, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр зэрызэтрагъэувэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ лэжьакIуэхэр зэбэкI, щыпсэухэм я бжыгъэм нэхъ псынщIэу щыхэхъуэ щIыналъэхэм. Абы къыбгъэдэхуэ къалэн нэхъыщхьэхэм хеубыдэ лэжьэгъуэ ныбжьым итхэр IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным егупъуныр.

ЗэIущIэм хэхауэ щытепсэлъыхьащ нэгъуэщI къэралхэм иц дэ хэкуэгъуэхэм ящыщу Урысей Федерацэм къэIэпхъуэжыну мурад зыщIахэм ядэIэпыкъунымкIэ щIыналъэ программэхэр зэрагъэхьэзырым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапх Iэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм яхуэзащ

Медицинэм, егъэджэныгъэм, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм, зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ цIыхухэм защIэгъэкъуэным, хьэрычэт лэжьыгъэм зегъэужьным, фермер Iуэхум хыхьэхэм защIэгъэкъуэным, нэгъэущIхэми ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ зыкъыхуагъэзащ Налшык къалэ округым, Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ, Прохладнэ, Аруан, Май районхэм зи щхьэ IуэхукIэ къикIахэм.

Абыхэм я лъэIуэр дэгъэкIынымкIэ зыхуэфащэ пщэрылъхэр хуагъэуващ КъБР-м и Правительствэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ орган щхьэхуэхэм.

Илъэсыр кIыхьэрхьэр щIыналъэм и Iэтащхьэр республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIауэ цIыху 66-м яхуэзащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапх Iэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм Налшык и аэропортыр зэгъэпэщыжыным теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ

КIуэкIуэ Ю. А. дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Налшык къалэм и аэропортыр зэгъэпэщыжыным теухуа зэIущIэ.

ПСАЛЪЭМАКЪЫМ кърихьэлIащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А.Тт., къэрал властым и федеральнэ органхэмрэ Москва и Правительствэмрэ ядэлэжьэныр къызэгъэпэщыныгъэмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и лIыкIуэ хэха Губин Г. С., инвестицэ политикэр пхыгъэкIынымрэ инновацэхэмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и лIыкIуэ хэха Къэрмокъуэ Хь. М., КъБР-м Транспортымрэ связьымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей А. М. сымэ.

2017 гъэм гъатхэпэм и 10-м Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ Правительствэм и комиссэм Есэнтыгу къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм «Урысейм и транспорт IэнатIэм зегъэужьыныр (2010 - 2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам Налшык къалэм и аэропортым и къэтIысхьапIэ-лъэтапIэ гъуэгур федеральнэ бюджетым и хьэкъкIэ зэгъэпэщыжыныжьмкIэ лэжьыгъэхэр хэгъахьэныр егупсысыну икIи зыхуэфащэ Iуэхухэр 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м фIэмыкIыу Урысей Федерацэм и Правительствэм къыщыхалъхьэну.

Иджыпсту нэхъыщхьэр, щыжиIащ зэIущIэм КIуэкIуэ Юрий, зыхуэфащэ Iуэхухэр федеральнэ IэнатIэхэм щыпхыгъэкIынырщ икIи ягъуэва графикым тету лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынырщ.

Абы къыдэкIуэу аэровокзалыр щIыным щIэгъэхуэбжьауэ елэжьын хуейщ, «Урысейм и къэрал экспертизэ нэхъыщхьэ» федеральнэ Iуэхущ Iапх Iэм кьиГъэув псоми езэгъыу. Проект документацэм къыхуащIауэ щыта дагъуэу 64-м щыщу 60-р нобэм ирихьэлIэу ягъэзэкIуэжащ. КъБР-м и Правительствэм хуагъэуващ «Налшык» аэропортыр егъэфIэкIуэным зэрелэжьым зэпымыууэ кIэлъыплъыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапх Iэ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм щытопсэлъыхь

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Iегоровэ Татьянэ Урысей Федерацэм и официальнэ лIыкIуэ гупым яхэту Европэм и Советым ЩIыпIэ, щIыналъэ властхэмкIэ и конгрессым и зэIущIэм щыIэщ

Мы махуэхэм Страсбург къалэм (Франджы) щокIуэкI Европэм и Советым ЩIыпIэ, щIыналъэ властхэмкIэ и конгрессым и 32-нэ пленар зэIущIэр. Урысей Федерацэм и официальнэ делегацэм хэту абы щыIэщ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Iегоровэ Татьянэ.

СЕССИЕМ щытопсэлъыхь Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэхур Европэм щыдэгъэкIыным, щтапIэ ихьэжахэр гъащIэм хэгъэзэгъэнымкIэ щIыпIэ, щIыналъэ властхэм зэфIагъэкIхэм, экстремизмэм пэщIэтынымкIэ къэувыкъалэнхэм. Абыхэм япкъ иткIэ конгрессым къыщащтэнущ Европэм и Советым хэт къэрал цIыхухэхэм я щIыпIэ хэхахэм демократиемрэ хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм теухуа документхэр.

Абыхэм къадэкIуэу мы зэIущIэм щытепсэлъыхьынущ щIыпIэ, щIыналъэ IэнатIэхэм щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм, ныбжьыщIэхэр балигъ гъащIэм зэрыхэувэмрэ абыхэм папщIэ лэжьапIэ IэнатIэхэр къызэрызэрагъэпэщыжрэ. Апхэудэу конгрессым хэтхэр яIущIэнущ щIалэгъуалэ делегатхэм.

Нэхъ япэкIэ къызэратамкIэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдигъэкIа унафэ №217-рп-мкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iегоровэ Татьянэ хагъэхьащ 2016 - 2020 гъэхэм Европэм и Советым ЩIыпIэ, щIыналъэ властхэмкIэ и конгрессым и лэжьыгъэм Урысей Федерацэм къыбгъэдэкIыу хэтыну делегацэм. Апхэудэу ар ящыщщ Европэм и Советым ЩIыпIэ, щIыналъэ властхэмкIэ и конгрессым и щIыналъэ палатэм Урысей Федерацэм и лIыкIуэу щыIэхэм я къуэдзэхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапх Iэ.

НОБЭ

♦ ЩIыр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦США-м щагъэлъапIэ дохутырым и махуэр

♦Испанием Удэхэм я махуэр щагъэлъапIэ

♦Урысей вулканологхэм я махуэщ. 1956 гъэм Камчаткэм «къыщIыушащ» Безымянный вулканыр икIи абы мафIэрэ гъуэзэрэ къриХуу хуежьащ. Аращ урысей IэщIагъэлIхэм зи щытыкIэр и кIэм нэсу япэу яджа вулканыр.

♦1856 гъэм иухащ 1853 - 1856 гъэхэм екIуэкIа Кърым зауэр. Абы теухуа зэгурыIуэныгъэм Париж Iэ щытрадзащ Урысейм, Инджылызым, Франджым, Туркым, Сардинием, Австриием, Пруссием я лIыкIуэхэм.

♦1867 гъэм Урысейм и пащтыхь Александр EтIуанэм и унафэкIэ Аляскэ щIыналъэмрэ Алеут хьтIыгуэмрэ США-м доллар мелуани 7,2-кIэ иращауэ щытащ

♦1970 гъэм япэу ягъэльэгъуащ Мотыль Владимир триха «Белое солнце пустыни» фильмыр. Иджыпсту ар ящыщщ УФ-м и мызакъуэу, нэгъуэщI къэрал куэдми щыцIэрыIуэ фильмхэм.

♦1981 гъэм США-м и президент Рональд Рейган яуклIыну хэтащ. Вашингтон дэт «Хилтон» хьэщIэщым къыщыпсэлъауэ къыщIэкIыжрэ пэт, Рейганрэ абы щыгъуэ цIыхухущымрэ кIэрахъуэкIэ зыгуэр къеуэри, плIыри уIэгъэ ищIауэ щытащ.

♦1981 гъэм СССР-р япэ дыдэу «гъэмахуэ зэманым» техьауэ щытащ.

♦1987 гъэм Лондон щекIуэкIа аукционым Ван Гог и «Дыгъэгъаззэхэр» сурэт цIэрыIуэр доллар мелуан 50-кIэ щащащ.

♦Голландием щыщ сурэтыщI, дунейм щынэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм хабжэ **Винсент Ван Гог** къызэралъхурэ илъэси 164-рэ ирокъу.

♦Совет авиаконструктор щэджащэ, академик, генерал-полковник, Социалист Лэжьыгъэм и Лыжьыжь щIэр щэнейрэ зыхуагъэфащэ, Сталиным и цIэр зезыхь сагуэтыр блэнейрэ зрата **Ильюшин Сергей** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Олимп джэгуэхэм бэнкIэ хуитымкIэ я чемпион **Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакъуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Дзбагъуэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Толубеев Андрей** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, ЩIДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Бажэ Дотий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Футболист цIэрыIуэ, олимп чемпион **Михайличенко Алексей** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, спортым и мастер, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер **Кьардэн Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ДЖАТОКЪУЭ Залинэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мэзрэ мазэхэрэ уи щэху щумыIуатэ.

● Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр зэрагъэлъэпIар

УсакIуэшхуэм и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ

Балъкъэрхэм я лъэпкъ автономиер зэрызэфIагъэувэжрэ илъэс 60 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хиубыдэу гъатхэпэм и 27-м удз гъэгъахэр тралъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, балъкъэр щIыналъэм и дамыгъуэ къалъытэ Кулиев Къайсын и фэеплъым.

ДЫЗЫХЫХьА гъэм Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэсищэ ирокъу. Абы къыхэкIыу, Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и жэрдэмкIэ, Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжныгъэм и махуэм хиубыдэу мы зэхьхьэр къызэрагъэпэщащ.

Мы Iуэхур ирагъэкIуэкIащ «Сызэрыбгырысым сэ сыт щыгъуи сригушхуэрт» псалъэхэр я гъуаззу. Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Кавказыр, зэрыщыту Урысей къэралыр зи гущIэм хэлъа усакIуэм и творчествэм гъуэзэджэу кьыхэщырт ди мывэхэри, удзэри, бгыхэри, ныбжьышхуэ зиIэ жылагъуэхэри. Ахэрт Кулиев Къайсын и гурыфIыгъуэри, и дэржэгъуэри, и гукъеуэхэри зыпыщIар. Хэкум и дахагъэмрэ и кьару мыкIуэщIыжымрэт абы и поэзием и псынщхьэр. Аращ усакIуэм и тхыгъэхэр уахътыншэ зыщIар.

УсакIуэм и фэеплъу Кулиев Къайсын и щIэр зезыхьэ узрамым тетым деж Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжныгъэм и махуэм и пэ къихуэу удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым КъБР-м къеГъэщIыпIа и федеральнэ инспектор Канунников В. А., КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къуэдзокъуэ М. М., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков А. Тт., КъБР-м и Конституцэ Судым и Унафэщ Геляхов А. С., Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Алэкъей А. М., КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщ Беппаев М. А., Зауэм, лэжьыгъэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я къалэ советым и тхьэмадэ Абдуллаев М. К., «Алан» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Беппаев С. У., Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хь. Хь., КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым хэтхэм, къалэм и щэнхабзэ лэжьакIуэхэм.

МОТТАЕВЭ Светланэ.
Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Гъатхэпэм и 28-м балъкъэрхэм хэкум къызэрагъэзэжрэ илъэс 60 зэрырикъур ди республикэм Iэтауэ щагъэлъапIащ. Налшык Абхъазым и утым щыналъэ къэс щагъэу ва лъэпкъ пщIантIэхэм ерыскъы берычэткIэ, фащэ екIуэжмкIэ, Iэпщ Iэлъапщ Iэу щIа хьэпшыпхэмкIэ удахьэхырт.

«СынасыпыфIэщ, си Хэку сисыжщи»

ЩЭНХАБЗЭМ, политикэм, экономикэм, щIэныгъэм, жылагъуэ унэтIыныгъэхэм къыщыхэжаныкIа-хэм ятеухуа хьыбархэр зэрыт стенд гъэщIэгъуэнхэм уащрихьэлIэрт абы. Балъкъэрхэм пасэм яIа шхыныгъуэхэм, псэупIэхэм, щэнхабзэ щIэиным, щыгъуэным, нэгъуэщI куэдми нэIуасэ зыщыхуэпщIыфынут абдежым къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм.

Утым щызэхуэсахэм захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**:

- Балъкъэрхэм къызэрагъэзэжрэ илъэс 60 зэрырикъумкIэ сынывохъуэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу пъэпкъхэм зэгурыIуэныгъэ яку дэлъу, ефIакIуэу, зауэму псэуну си гуапэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Афэщ Iагъуэ Михаил**, къэрал властым и федеральнэ органхэмрэ Москва и Правительствэмрэ ядэлэжьэныр къызэгъэпэщынымкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и лыкIуэ хэха **Губин Геннадий**, Парламентымрэ Правительствэмрэ я лыкIуэхэр я гъусэу лъэпкъ пщIантIэхэр зрагъэлъэгъуауэ.

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжныгъэм и махуэм хуэгъэпсауэ ирагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ концертым хэтащ Теппеев Алим, Хьэкъул Оксанэ, Текуев Амур, Гергокаевэ Хьэлимэт, Аттаев Азнор, «ДжэгуакIуэI» цIыхубэ ансамблыр, нэгъуэщIхэри.

ГуфIэгъуэ махуэм и кIэухыу хьэрэкIыпIэ зэмыфэгъуэхэр ягъэлъэтащ.

БЕЛГъЭРОКЪУЭ Марьянэ.
Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжныгъэм и махуэр зэрагъэлъэпIам теухуа репортажхэр 2-нэ напэкIуэцIми итщ.

● Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр зэрагъэлъэпIар

● Іуащхьэмахуэ щыналъэ

Махуэшхуэр зэдаIэт

Балъкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр зэрызэфIагъэувэжрэ илъэс хыщI зэрырикъур Тырныауз къалэм и «Тотур» стадионым гъатхэпэм и 28-м щагъэлъэпIащ. А гуфIэгъэушхуэм хуагъэхьэзыра Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм Іуащхьэмахуэ щыналъэм и жылагъуэ псоми щыщхэмрэ хьэщIэхэмрэ хэтащ.

АХЭР яублащ «Журтуму жарыкъ танглары» зыфIаща Іуэрыіуатэ фестивалымкIэ. Къуажэхэмрэ Тырныауз къалэмрэ ягъэуба пщы-Iэхэм пщIантIэхэм я тепльэр, лъэпкъ фащэхэр, шхыныгъуэхэр, Іуэрыіуатэр зи лъабжьэ концерт программэ щагъэлъэгъуащ. Іуащхьэмахуэ щыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Залиханов Къанщобий щыгъуу абыхэм яхуеблэгъащ гуфIэгъуэм ирихьэлIа хьэщIэхэу КъБР-м и апэ вице-премьер, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Говоров Сергей, республикэм щыіуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Биттиев Хьэким, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу къуэш яхуэхъуа Мало-Къэрэшей районым, Прохладнэ, Бахьсэн щыналъэхэмрэ Нарткъалэрэ я лыкIуэхэр, щыпIэ Іуэхущ1апIэхэм, организацэхэм, предприятэхэм я унафэщIхэр.

ЩIыналъэм и художественнэ самодеятельнэ гупхэмрэ эстрадэм и артистхэмрэ я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэкIэ концертым щIадза нэужь, балъкъэр лъэпкъым и къэралыгъуэр щызэфIэувэжа махуэмкIэ хэгъэрейхэмрэ хьэщIэхэмрэ ехьуэхъури, Залиханов Къанщобий гуфIэгъуэ зэлущIэр къыхэIуихащ.

«ИпэжыпIэкIэ мы Іуэхугъуэ гукъинэжым балъкъэр лъэпкъым и нобэрей тхыдэм и лъэныкъуэ псори щыізэхуэхьэсащ, пэжагъымрэ захуагъэмрэ, бэшэчагъымрэ фIэщхъуныгъэмрэ ихъумащ. Пэжщ, дэ тщыщ куэдым, псом япэу нэхъыжьхэм, я дежкIэ а гуфIэгъуэр нэпскIэ гъэнщIащ. Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ илъэс 13-кIэ дыізэрыщIар зэрыгъэуэшхуэм и гугъу дощI, зи лъэхэм ирагъэкIа лъэпкъым ящыщу лажьэншэу кIуэдахэр дигу къыдогъэкIыж. Хамэщым щагъэкIуа илъэс хуэзэм балъкъэр лъэпкъыр кьыізэфIагъэщIакъым. Я лъахэм зэрагъэзэжыр балъкъэрхэм я мызакъуэу псоми я гуфIэгъуэт. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэр гъащIэщIэ зыухуэжыну кьызыпэщытхэм яхуэзэфIэкIымкIэ ядэIэпыкъурт. Балъкъэр лъэпкъым автономие щигъуэтыжа махуэр Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэкъуэтыр кьыщыщIэрэщIэжа махуэу къэплъытэ хьунущ. Ар дапщэщи дызыхуэсакъым икIи тхъумэн хуей адэжь унэщ», - кьыхигъэщащ абы.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и хъуэхъум Говоров Сергей къеджащ.

ХьэщIэхэри щIыналъэм щыпсэухэм я махуэмкIэ ехьуэхьуа нэужь, «Балкария» къэрал академическэ, уэрэдымрэ кьафэмрэ я «Тэрч къэзакъхэр» къэрал Іуэрыіуатэ ансамблхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Іуащхьэмахуэ районымрэ я эстрадэхэм я артистхэм, къапщтэмэ, Газаев Алим, Жашуев Башир, «Голос» проектым и кIэух зэпеуэм хэта Бузинэ Ксение, Тхьэгъэлэдж Светланэ, нэгъуэщIхэми зыкъагъэлъэгъуащ.

Стадионым лъэпкъ шхыныгъуэхэр зытет Iэнэхэр щагъэуващ, сабийхэм папщIэ нэгузегъэужь Іуэхугъуэхэр кьызэрагъэпэщащ.

Концерт нэужьым «Тотур» стадионым Тырныауз и «Эльбрус», Ставрополь крайм и «Гумкъалэ» футбол командзхэр щызэІущIащ, спортым дихьэххэр кIапсэкIэ зэпекъуащ, гырэ къэІэтынкIэ зэпеуад.

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм хуагъэхьэзыра Іуэхугъуэхэм туристхэмрэ Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэпсэхуэхэмрэ хэтащ - Чегет хуейм гуфIэгъуэ концерт щагъэлъэгъуащ, хьэщIэхэмрэ курортым щыпсэухэмрэ Iэнэ кьыхуащтащ.

Іуащхьэмахуэ щыналъэм и къуажэ псоми гуфIэгъуэ махуэм ирихьэлIэу концертхэр щатащ, театр теплъэ зиIэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, тхьилъ выставкэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр кьыщызэрагъэпэщащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Щыр хъумэным и дунейпсо махуэ

Мыбдежым Іуэху цIыкIуфэкIу щыщыIэкъым

Иджыри зэІубзкъым мы махуэр хэт сыт щыгъуэ къигупсысами, ауэ ар быдэу епхащ щIыуэпсым емыгуэуэнымрэ ди эрэн емыгъэкIынымрэ ехьэлIауэ длэжьыпхъэхэм.

ГЪАТХЭПЭМ и 30-м «удзыфхэм» къызэрагъэпэщ хабзэщ дыкъэзыухъуреихь дунейр зыхъумэным, зэлъыIухыным хуэгъэза зэхьыхьэхэр, щIыхьэхухэр, псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ яхуэсакъыным къыщыхьраджэ дерс зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм щызэхах псалъэмакъхэм цIыхухэр ирагъэгупсыс ЩIы Хъурейм нэхъри хуэсакъын зэрыхуейм, армыхъуамэ абы зэман мыжьжьэм насыпынщагъэшхуэ кьыпыІсынкIэ зэрыхъунум, нэгъуэщIхэми.

ЩIыр хъумэным и махуэм дигу кьегъэкIыж щIыуэпсыр кьабзэу щыгъэтыным дэтхэнэ зыми хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIыфынур. Мыбдежым Іуэху цIыкIуфэкIу щыщIэкъым. Сыт хэлъыр кIэрыхубжьэрыхур кьапщтэу сэмб щхьэхуэ иплъхьэным е пхъэнкIийр къыумыкъжьэ щIыкIэ абы хэлъ пластикымрэ пкъыгъуэ быдэхэмрэ зэхэдзыным. Ахэращ, Іуэху къызэрыгуэкIыу къытщыхъуми, дызытес ЩIы Хъурейр щыпсэугъуэфIэу кьызэтезыгъэнэнур. КIэщIу жытIэнщи, ар нэхъ къабзэ щIыныр, зэлъыIутхыныр ди сэбэп зыхэлъщ.

ЦIыхум езыр зыхуэмеижкъым тхылъымпIэ кIапэр къыздыхуэзэм деж щыхьфIымыдзэмэ, псыр зэригъэзахуэмэ, мэз лъапэм щызэхэсахэм я кIэрыхубжьэрыхуэр зэхуахьэсыжмэ - апхуэдэ Іуэхущ1афэ мыинхэми ди планетэр нэхъ кьызэтрагъэнэнущ, ди узынщагъэри ирагъэфIэкIуэнущ.

ЩIыр хъумэным и махуэм дэ псоми Іэмалыфl кьыдет кьытщIэхъуэ щIэблэр щыпсэуну дунейм нэхъ дызэрыхуэсакъыным дегупсысыну. Ябыныкъуэхэм деж дэ кьытфIощI дыкъэзыухъуреихь дунейр зы цIыхум и закъуэ къаруклэ нэхъ дахи Іуплъэгъуафlи тхуэмыщIыну. Ауэ ар щыуагъэщ - щIыуэпсыр хъумэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр дэтхэнэми езым и деж кьыщыщIидзэжьхпхъэщ. Ар шэч кьызэтумыхьэщ.

А псом къадэкIуэу зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым зи гугъу тщIы мы Іуэхум зы махуэ е, уеблэмэ, зы илъэс хуэзтхкIи зэрымащIэр. Дызытет ЩIы Хъурейр хъумэныгъэ зэІуэпэщ щIынымрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэр сыт хуэдэ зэманми едгъэкIуэкIыпхъэщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Гуфlэгъуэр я нэгум къищырт

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу Дзэлыкъуэ район администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан Хьэбзэ, Чыщбалъкъ щуажэхэм щыпсэухэм гулъытэ яхуиІащ. Абы и жэрдэмкIэ, Дзэлыкъуэкъуажэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм концерт гъэщIэгъуэн щитащ «Шагъдий» щIыхубэ къэфакIуэ ансамблым.

ДЖАТЭ Руслан къызэхуэсахэм ехьуэхьуащ зи щIыпIэр зрагъэбгынауэ щыта балъкъэр лъэпкъыр щхьэхуит къызэрыхъужрэ мы гъэм илъэс 60 зэрыркъымкIэ. АдэкIэ абы пшыхьым кърихьэлIа сабийхэм захуигъэзащ:

- Лажьэншэ пэтми, фи адэшхуэ-анэшхуэхэм гугъуехь, хьэзаб куэд я фэм дэкIащ. Апхуэдэ кьуаншагъэм зэи къытригъэзэжьын хуейкъым. Мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ ди зэхуаку дэлъу лъэпкъхэр дызэдзэпсэупхъэщ. Фи щхьэр, фи нэхъыжьхэр фхъумэжьыну, фIыуэ феджэну, щIэныгъэ зэвгъэгъуэтыну, ди республикэм и экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэфащIыну фыкъыхуэоджэ. ГъащIэ гъэзэгуанэ дахэ Тхьэм псоми кьывит!

КьрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ «Шагъдий» ансамблым и кьэфакIуэхэм. Кьызэхуэсахэм концертыр ягу зэрыдыхьам и щIыхьэту Іэгуагъэушхуэ яIэтащ. Хьэбзэ, Чыщбалъкъ къуажэхэм дэс нэхъыжьхьэм Джатэ Руслан фIыщIэ хуащIащ, гулъытэ къаазэрыхуищIам папщIэ. Нэхъыжьхэр кьызэхуэсахэм ехьуэхьуащ узыншагъэ, мамырыгъэ, гуапагъэ щымыщIэну.

ЩэнхабзэмкIэ унэм и утым деж ныбжьыщIэхэм джэгу гукъинэж щащIащ. Сабийхэм Іэфlыкlэхэр хуагуэшащ.

ЩОКЪУЙИ Іэминэ.

Мамыру, ефlакIуэ зэпыту псэуну

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм хуэгъэза зэхьыхьэ дахэ щекIуэкIащ КъБКъУ-м.

ГУФIЭГЪУЭ зэхуэсым кьрихьэлIат КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ социальнэ ІуэхуэхэмкIэ проректор Къумыкъу Іэуес, дунейпсо зэпыщIэныгъэхэмрэ стратегическэ зыужьыныгъэхэмкIэ проректор Къущхьэ Хьусен, КъБКъУ-м и профкомым и унафэщI Кобозев Игорь, егъэджакIуэхэр, студентхэр, курыт школым и еджакIуэхэр.

КъБКъУ-м Отаров Керим и цIэр зезыхьэ и Балъкъэр щэнхабзэ центрым къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIащ университетым и пэІущIэ пэшым. Мыбдеж щыплъагъурт цым, упщIэм къыхэщIыкIа, дамыгъэ зэхуэмыдзэхэр зытет алэрыбгъуэхэр, хьэпIащIэщыгъэм, пхъэм кьыхэщIыкIа хьэкъущыкъуэхэр, хьэпшыпэ зэхуэмыдзэхэр, сурэтхэр, нэгъуэщI куэдри. Ахэр я Іэдакъэщ1экIт Белэ Речкэ, Хьэсэней, Гундэлэн, Яныкъуей, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэм, Іуащхьэмахуэ, Прохладнэ районхэм, Налшык къалэ дэт курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIухэм.

Балъкъэр щэнхабзэ центрым и унафэщI Тюбеевэ Светланэ зэрыжиIамкIэ, мы ІуэхумкIэ ягъэлъэгъуэну зыхуеяр, зэманыр и пІэм имытми, кьыдэкIуэтей щIэблэм блэкIар ящымыгъупщэу, абы кьыдэкIуэуи кьежьэ псоми щыгъуазэу, сыт хуэдэ Іуэхуми хуэІэижьу зэрыщытырщ.

Адэкіэ махуэшхуэм щыпищащ Темыркъан Хьэту и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмкIэ центрым. Альтуд Юрий и псалъэм кьыхигъэщащ илъэс 13-кIэ хэкум имысами, балъкъэр лъэпкъым я хабзэр, щэнхабзэр яхуэмэжу ди нобэм къэсын зэралъэкIар, мы махуэ лъапIэми республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Ар къызэхуэсахэм ехьуэхьуащ апхуэдэ гъэзэгъуэ абы фIэкIа ямыльагъуу, мамыру, ефlакIуэ зэпыту псэуну. ИужькIэ Альтудым зэпеуэ зэхуэмыдзэхэм щытекIуа еджакIуэхэр игъэлъапIащ фIыщIэ тхылъхэмкIэ, гукъинэж тыгъэхэмкIэ.

Пшыхьым и кьыкIэлыкIуэ Іыхьэу щIидзащ махуэшхуэм хуагъэхьэзыра концертым. Утыкур ягъэдэхащ уэрэджьIакIуэ щIэрыІуэхэм, студентхэм. Кьызэхуэса псоми нэхъ гъащIэгъуэн ящыхьхуар «Шахан» модэ хуэмрэ «Балъкъэр щIыналъэ» зыфIища и гъэлъэгъуэныгъэрт. Абыхэм я нэгу щIэкIа псори ягу зэрырихьым и нэщэнэт я Іэгуаеу макъыр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Тхыдэр зи лъабжьэ сурэтхэр

Махуэшхуэм ирихьэлIэу КъБР-м и Лъэпкъ Сурэтыщ1 гъуэзджэхэмкIэ музейхэм гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIащ.

ЛЪЭПКЪ музейм къыщызэІуаха «Балъкъэр щIыналъэ - тхыдэм и напэкIуэцIхэр» выставкэм сурэт 200-м щIигъу утыку кьыщырахьащ. Абыхэм кьищыкт балъкъэрхэм 1883 - 1965 гъэхэм кьакIуа тхыдэ гъуэгуанэмрэ я псэуКIамрэ. Сурэтхэм щыплъагъурт пасэрей къуажэхэр, лъэмыжхэр, гъуэгухэр, унэхэр, архитектурэ фэеплъхэр, лъэпкъыр зэрыгушхуэ щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыІуэхэр, щIыхухъу, щIыхубэ фащэхэр, къаГъэсэбэпа хьэпшыпхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ. Сурэтхэм кьадэкIуэу, гъэльэгъуэныгъэм хагъэхьат этнографие тхыгъэхэри.

Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс балъкъэрхэм я гуфIэгъуэ махуэмкIэ ехьуэхьуащ мамырыгъэ, насып, ехьулIэныгъэ яIэну, адэкIи республикэр ефIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуащIыну.

Таз ФатIимэ зи унафэщI «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием екIуалIэхэр КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Кьайсин и усэхэм гъэхуауэ урысыбзэкIи балъкъэрыбзэкIи къеджащ.

Сурэтыщ1 гъуэзджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, утыку кьыщрахьащ я фондым щыщ, балъкъэрхэм я тхыдэ пащэкIуэцIкIэр, я щхьэм кьрикIуа гуауэр къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр. Республикэм и художникхэм я сурэтхэм щыбобльагъу, я щIыпIэм кьагъэзэжа нэужь, гуэвэгъуэ кьызэзыпэкIа балъкъэр лъэпкъым зэрызиужьыжар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Банк Іуэхухэр

Щхьэзакъуэ уней хозяйствэ зезыхьэхэм гулъытэ хуащI

«Урысейм и Мэкъумэш банкым» щхьэзакъуэ уней хозяйствэ (ЛПХ) зезыхьэхэм ярит щIыхуэм щхьэщатыкIыр процентым и 2,5 - 6,0-кIэ иригъэхащ. Иджы ищхьэкIэ къэдгъэлъэгъуахэм кредит къащтэну Іэмал яIэщ илъэсым хуэзэу процент 13-м кьыщыщIэдзауэ 15,5-м нэс техьэу.

КРЕДИТ мылькур хуаутIыпщ унэтIынырэ зэмылIужьыгъуэхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр, техникэр оборудованэрэ къэщэхуныр, къуажэм мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьыным. ЩIыхуэр къыщIащтэ щхьэусыгъуэм елъытащ ар зэрат лъэхъэнэр - мази 3-м кьыщыщIэдзауэ илъэси 5-м нэс. Нэхъыбэ дыдэу ятыр сом мелуан 1,5-рэщ.

Іуэхутхьэбзэм нэхъ зэпкърыхуэу щыгъуазэ щызыхуэпщI хъунущ «Урысейм и Мэкъумэш банк» ОА-м и официальнэ сайтым www.rshb.ru

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ Іэнатіэм елха Іуэхущ1апIэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщIэныкIэ лъабжьэ быдэщ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икIи нобэ къальытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхуэр зэпIэзэрытхэм, мыльку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкыщхьэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я процентри 100-ри къэрал мылькущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ цIыхуэхэм зэрызыкъыхуагъаззэхэм хэлъхьэныкIэ я Іуэхущ1апIэм (приемнэм) къекIуалIэхэм КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я унафэщIхэр мы гъэм и апэ илъэс ныкъуэм зэрахуэзэнур (цIыхуэхэм яхуэзэнущ сыхьэт 14 - 16-хэм къриубыдэу)

№№	ЦIыхуэхэм яхуэзэнур	И къулыкъур	ЦIыхуэхэм щахуэзэну махуэр
1.	Биттиев Хьэким Расул и къуэр	КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрыр	Гъатхэпэм и 31-м
2.	Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэр	КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрыр	Мэлыхьыхьым и 7-м
3.	Гуэбзшы Залымджэрий Іэбубэ и къуэр	КъБР-м промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр	Мэлыхьыхьым и 14-м
4.	Рахаев Борис Магомед и къуэр	КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр	Мэлыхьыхьым и 21-м
5.	Къуныжь Вячеслав Хьэждал и къуэр	КъБР-м ухуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министрыр	Мэлыхьыхьым и 26-м
6.	Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэр	КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкIэ и министрыр	Мэлыхьыхьым и 28-м
7.	Лыхь Заур Іэбубэчыр и къуэр	КъБР-м финансхэмкIэ и министрыр	Накъыгъэм и 3-м
8.	Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр	КъБР-м спортымкIэ и министрыр	Накъыгъэм и 5-м
9.	Хьэсанэ Ислъам Марат и къуэр	КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр	Накъыгъэм и 12-м
10.	Къуэшырокъуэ Залым Къэрэщей и къуэр	КъБР-м и министрыр	Накъыгъэм и 19-м
11.	Къэзанш Людмилэ Борис и пхъур	КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр	Накъыгъэм и 24-м
12.	Къудей Арсен Мухьэмэд и къуэр	КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр	Накъыгъэм и 26-м
13.	Журавлёв Андрей Иван и къуэр	КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и Іэнатіэм щыкIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр	Мэкъуауэгъуэм и 2-м
14.	ПІаз Юлие Темыркъан и пхъур	КъБР-м Граждан Іуэхуэхэмкіэ актэр тхыныкIэ и управленэм и унафэщIыр	Мэкъуауэгъуэм и 7-м
15.	Щоджэн Щыхьым Хьэталий и къуэр	КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм и унафэщIыр	Мэкъуауэгъуэм и 9-м
16.	КIурашын Анзор Владимир и къуэр	КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апIэхэм ящэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщIыр	Мэкъуауэгъуэм и 16-м
17.	Абазэ Еленэ Хьэбалэ и пхъур	КъБР-м Зэзыгъэкіуж судыщIэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкIэ и кьулыкъущIапIэм и унафэщIыр	Мэкъуауэгъуэм и 23-м
18.	Іэрэмысэ Аслъэн Михаил и къуэр	КъБР-м Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщIыр	Мэкъуауэгъуэм и 28-м
19.	Кислицын Александр Николай и къуэр	КъБР-м Щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр зэралым ихъумэнымкIэ и управленэм и унафэщIыр	Мэкъуауэгъуэм и 30-м

ФIыщIэупщIэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: 40-16-07, 40-36-92

Ислъамым и нур

Сымаджэм и хьэкъыр

● Уаз

Сымаджэмрэ узыншэмрэ зэкІэрымыкъ зэкъуэшитІу гъащІэм зэрипхащ, чэзуклІэ зыІэрахъуэжу. Хэти сымаджэрилэщ, хэти нэхъ мащІэрэ мэсымаджэ. Алыхым и пщылІхэм къытхуищІ гущІэгъуэ зэрыгъунапкъэншэм и нэщэнхэм ящыщщ сымаджэм и гуэныхьыр а игъэв узымкІэ зэрыгрихьр.

КЪУРІЭН лъапІэмрэ хьэдисхэмрэ щыгъуаэз дыззэращІамкІэ, хэт сыт хуэдэ уз игъэвми абы елъытауэ сымаджэм и гуэныхь токІ. Къапщтэмэ, зыщІыпІэ жьэхэуэу и Іэпхъуамбэ игъэуэзыжа нэхъ имыІэми, абыкІэ Тхьэм абы гуэныхь гуэр щхьэщеж. Хэт апхуэдэ гущІэгъу къытхуэзыщІынур, Тхьэ закъуэм фІэкІа!? Ауэ абы къикІыркъым сымаджэр зэлІэлІэжьи хуэмейуэ, сысымаджэщи, гуэныхьыр стокІ жыпІэу ущыскІи хъунукъым, сыту жыпІэмэ, дэтхэнэ зыми ди Іэпкълъэпкъыр амэнэту Алыхым къыдитащ, абы дыхуэсакъыпхъэщ, икІи абыкІэ псоми жэуап тхьынущ Къемэт махуэм. Алыхым и псалъэу КъурІэным итщ КъурІэн лъапІэр хущхъуэгъэуу, гущІэгъуэгъуэ, къызэрэгъуриГъэхар. Хьэдисми къыджеІэ: «Сыт хуэдэ узыфэ Алыхым къимыгъэщІами, абы и хущхъуэгъуэ къигъэщІащ».

Ислъам диным дыкъыхуреджэ сымаджэм гулъытэ хуэтщІын хуейуэ. Абы теухуауэ КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ Іэятхэр, хьэдисми куэдрэ ущрохьэлІэ сымаджэм и хьэкъыр зэрыгуащІэм. Уз зэуэлІам кІэлъыкІуэнкІи, абы щІэупщІэныр (ар благъэу, Іыхьлыуэ, гъунэгъуу щымытми) псалъэ лей къызэпыкІ сунэтщІ. Али ибн Абу ТІалиб и псалъэу Абу Дауд Тхьэм и нэфыр зыщыкъуэным къызэриІуэтэжамкІэ, хьэдисым къыщокІуэ: «Сымаджэм деж пщыхьэщхьэм щІэупщІакІуэ кІуэ щІыхум гъусэ зыкъэхъуащІынущ мелыІыч мин блыщІ, икІи ахэр абы (щІэупщІакІуэ кІуэм) нэху щыху хуэлъэІуэнущ и гуэныхь щхьэщахыну. Сымаджэм деж пщэдджыжьым щІэупщІакІуэ кІуэ щІыхум мелыІыч мин блыщІ жэщ хъуэу хуэлъэІуэнущ абы и гуэныхь Тхьэм къыхуигъэгъуну, гущІэгъу къыхуищІыну».

Мис апхуэдизэ псапэ пылъщ уз зэуэлІам гулъытэ хуэщІыным. Ислъам диным къызэригъэув мардэхэмкІэ, сымаджэм ухуэкІуа нэужь, абы и гур фІы хуэщІын, Тхьэ хуельэІун хуейщ, куэдрэ зыщыпІэжьэныи къезэгъыркъым, ар абы кІэтехьэлъэнкІэ зэрыхъунум кІыхэкІэ.

Сымаджэхэми я лъэІур Тхьэм къабылу яІех. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ Тхьэм зыщыхуэдгъазэр гузэвэгъуэ къытлъэІэса нэужьщ. Мы хъыбар кІэщІыр абы и щыхьэтщ: ЩІалэ гупым унэ зэтетышхуэ яухуэрт. 9-нэ къатым тет щІалэр щІым щыт и ныбжьэгъум еджэрт, ауэ адрейм ар зэхихьртэкъым. Щымыхъум, абы зы гъущІ тумэн хъуридзыхащ, щІалэм гу зылъыригъэтэну, арщхьэкІэ, ар а псоми егупсысакъым, ахъшэр кьиштэри и жып ирилъхьащ. ЕтІуанэу къыщридзыхми, апхуэдэу ищІащ, ещанэми ахъшэр щІалэм и жып ирилъхьа фІэкІа, къыздикІым егупсысыхакъым. Щымыхъужьыххэм, ищхьэм тет щІалэм мывэ щІыкІу къридзыхри, и лъабжьэм щыІэм и щхьэм техуати, мис итІанэщ ар щыдэлпъеяр. Дэри апхуэдабзэущ ди гъащІэр зэрыщытыр. Тхьэм гущІэгъу къытхуищІ зэпытщ, ауэ дэ я гущІэгъуэ ди къызэрыкІым дегупсысыгъэхар. Хьэдисми къыджеІэ: «Сыт хуэдэ узыфэ Алыхым къимыгъэщІами, абы и хущхъуэгъуэ къигъэщІащ».

Ислъам диным дыкъыхуреджэ сымаджэм гулъытэ хуэтщІын хуейуэ. Абы теухуауэ КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ Іэятхэр, хьэдисми куэдрэ ущрохьэлІэ сымаджэм и хьэкъыр зэрыгуащІэм. Уз зэуэлІам кІэлъыкІуэнкІи, абы щІэупщІэныр (ар благъэу, Іыхьлыуэ, гъунэгъуу щымытми) псалъэ лей къызэпыкІ сунэтщІ. Али ибн Абу ТІалиб и псалъэу Абу Дауд Тхьэм и нэфыр зыщыкъуэным къызэриІуэтэжамкІэ, хьэдисым къыщокІуэ: «Сымаджэм деж пщыхьэщхьэм щІэупщІакІуэ кІуэ щІыхум гъусэ зыкъэхъуащІынущ мелыІыч мин блыщІ, икІи ахэр абы (щІэупщІакІуэ кІуэм) нэху щыху хуэлъэІуэнущ и гуэныхь щхьэщахыну. Сымаджэм деж пщэдджыжьым щІэупщІакІуэ кІуэ щІыхум мелыІыч мин блыщІ жэщ хъуэу хуэлъэІуэнущ абы и гуэныхь Тхьэм къыхуигъэгъуну, гущІэгъу къыхуищІыну».

Мис апхуэдизэ псапэ пылъщ уз зэуэлІам гулъытэ хуэщІыным. Ислъам диным къызэригъэув мардэхэмкІэ, сымаджэм ухуэкІуа нэужь, абы и гур фІы хуэщІын, Тхьэ хуельэІун хуейщ, куэдрэ зыщыпІэжьэныи къезэгъыркъым, ар абы кІэтехьэлъэнкІэ зэрыхъунум кІыхэкІэ.

Сымаджэхэми я лъэІур Тхьэм къабылу яІех. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ Тхьэм зыщыхуэдгъазэр гузэвэгъуэ къытлъэІэса нэужьщ. Мы хъыбар кІэщІыр абы и щыхьэтщ: ЩІалэ гупым унэ зэтетышхуэ яухуэрт. 9-нэ къатым тет щІалэр щІым щыт и ныбжьэгъум еджэрт, ауэ адрейм ар зэхихьртэкъым. Щымыхъум, абы зы гъущІ тумэн хъуридзыхащ, щІалэм гу зылъыригъэтэну, арщхьэкІэ, ар а псоми егупсысакъым, ахъшэр кьиштэри и жып ирилъхьащ. ЕтІуанэу къыщридзыхми, апхуэдэу ищІащ, ещанэми ахъшэр щІалэм и жып ирилъхьа фІэкІа, къыздикІым егупсысыхакъым. Щымыхъужьыххэм, ищхьэм тет щІалэм мывэ щІыкІу къридзыхри, и лъабжьэм щыІэм и щхьэм техуати, мис итІанэщ ар щыдэлпъеяр. Дэри апхуэдабзэущ ди гъащІэр зэрыщытыр. Тхьэм гущІэгъу къ

● Щэхурылажьэ Іэнатіэхэм

ЕпцІыжакІуэхэмрэ щхъухьхэмрэ

КНДР-м и Іэтащхьэм и къуэш нэхъыжьыр зэрарКІам уигу кьегъэкІыж шпион фильмхэр. Арщхьэкіэ апхуэдэ дыдэ гъащІэм къыщохъу. «Цыху тхыдэм куэдрэ ущрохьэлІэ лІыхІэхэм яІэщІэкІуэда политикэ лэжьакІуэхэм, - жеІэ СССР-м и КГБ-м и подполковник, ткачІуэ, тхыдэдж Атаманенко Игорь. - США-м и президенту щыта цІыху 44-м ящыщу 11-р яуКІыну хэтащ, 4-р яІэщІэкІуэдащ. Зи гугъу тщІы уКІыгъэхэм хуэдэхэр мымащІэу хьыбЛъагъуэ Латин Америкэмрэ Африкэмрэ я тхыдэм. Ауэ абыхэм нэхъыбэу щызеуар зи закъуэ лІыхІэхэр. Іуэхур нэгъуэщІу къыщІедз Іэтащхьэр е оппозиционерыр лъэныкъуэ егъэзыным къэрал щхьэхуэм къарузехьэхэр яужь щихьэхэм деж.

Къелынутэкъым

2017 гъэм мазаем и 13-м яуКІащ илъэс 45-рэ зи ныбжь, Корее Ищхъэрэм и унафэщІым и къуэш нэхъыжь Ким Чен Нам. Псори напІэзыпІэм къыщыхъуащ Малайзием и къалащхьэ Куала-Лумпур и аэропортым. Сурэт зэрытрах камерэхэм къызэрагъэпагъэмкІэ, ар зыБэщІэкІуэдар цІыхубэ ныбжьыщІитІщ: зыр Чен Нам и щІыбагъымкІэ къыбгъэдыхьэри и нэкІум къыІуипхъащ узыгъаІэ ткІуаткІуэ зыщІэзыфа бэлътокур, адрейм щхъуэ зэрыт авторучкэ и щІыфэм къыхиІуащ. Дакъикъэ 20 нэхъ дэмыкІыу цІыхухъур ліащ. ИужькІэ наІуэ зэрыхъуащи, абы хаІуа щхъуэхыр цианистый калийм нэхърэ нэхъ гуащІэу къыщІэкІащ. Ким Чен Нам Корее Ищхъэрэм и Іэтащхьэ хъун хуеящ Ким Чен Ир лІа иужькІэ, арщхьэкІэ ар и адэм фІэнэри, иужьрейм абы и пІэ иригъэуващ и къуэш нэхъыщІэр. Хэтыт хуэныкъуэр ефэнрэ хьэулеинрэ фІэкІа нэгъуэщІ Іуэху зимыІа Ким Чен Нам и лІэныгъэм? ЗыхуагъэфащэхэР куэд мэхъу. Псалъэм и хьэтыркІэ, зыхуэмеиж и къуэшыр щІимыгъэпхъуэжьи папщІэ ар яуКІну диктаторым унафэ ищІауэ. ЦРУ-рэ хэпщІагъэнкІэ зыхуэІуэ щыІэкъым - КНДР-м и вождыр игъэикІэн, ардыдэмкІи санкцэ ткІийхэм я гъуэгур кьызэІуихьи мурадкІэ.

Абы ещхьу

Украин национализмэм и идеолог Ребет Лев 1957 гъэм къыщыщІари Ким Чен Нам иращІам ещхь гуэрщ. Цианистый калий и нэкІум щІакІащ. Щхъуэ ткІуаткІуэ къизыутхыкІ авторучкэр КГБ-м и лабораторэхэм щагъэхьэзырат. Абы и бахъэр жьэдэхьащар лІэрт, и гур къэувІэрти. И лъэужьыр псынщІэу кІуэдырти, зэрылыкІар кьахутэфыртэкъым. КГБ-м мы къалэныр и пщэ дилъхьащ езым и агент Сташинский Богдан. Абы ар апхуэдизкІэ зэпэщу зэфІигъэкІати, нэмыщІ полицейхэми Ребет и бныгущІэтэхэми шэч гуэри ящІакъым. ИужькІэщ псори наІуэ щыхъэр.

Телефонымкіи

Урысей банкир Кивилиди Иван бизнесым и мызакъуэу, политикэми дихьэхырт. Ар телефон трубкэм хагъэтІысхьа кумбыгъэ цІыкІу дыдэм ита щхъухьым иуКІащ. Зэ фІэкІа псэлъэну хунэсакъым. Апхуэдэу хэкІуэдащ банкирым и дэлэпкъуэгъу цІыхубзымрэ Кивилиди и хьэдэр къэзыпщыта судмедэкспертымрэ. Арщхьэкіэ Іэхур зэрызэхагъэкІам кьрикІуахэр иджыри къэнаІуэ щІыркъым.

Жьауэм и къарур

1969 гъэм болгар драматург иКІи дисидент Марков Георгий Лондон кІуаэри инджылыз цІыхубз кьишащ иКІи Би-си радиостанцым журналисту лэжьэн щыщІидзащ. Ар Болгарием епцІыжьынигъэу къыщалъытащ иКІи абы и щэхурылажьэ Іэхуащ Іэнэм ар зэрыІуахыну Іэмал зэхалъхьащ.

1978 гъэм фокІадэм и 7-м Марковыр Би-би-си-м и унэм къыщІэкІри езым и машинэ цІыкІур здэщыт щІыпІэмкІэ кІуащ. Лэжьэгъуэ зэманыр иухати, уэрамым цІыхухэр тезт. Абыхэм щапхьІкІым жьауэм и папцІанІэм жьэхэращ. Ар зыІыгъа цІыхур, къыхуигъэгъуну къелъэІури, Іукіыжащ. Марковыр унэм нэсыжащ, узым зыкъриГъащІэ пэтми. КъызэІуихьати, етІуанэ махуэм «дэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ» сымаджэщым яшащ. Дохутырхэм къахэущІакъым кьеузыр. Марковым тригъэчыныхьырт жьауэм и папцІанІэ къыхэуам къигъэсымэджауэ. ИужькІэ ІІаащ. Дохутырхэм полицэр къраджащ. Скотленд-Ярд и лабораторэ хэхам къыщащхутащ журналистыр щхъухьым зэрилыкІар.

КІэнфетхэри...

Украин националистхэм я зэгухьэныгъэр (ОУН) къызэзыгъэпэща Коновалец Евген зыткІуэдар Іэфы кІэхэр зэрыфІэфырщ. Ялэ дунейпсо зауэм и зэманым австр-венгр армэм и офицер Коновалец Урысейм кьеузыащ, гъэруи яубыдащ. 1917 гъэм Украинэм игъэзэжри, цІыхухэр зыхъынщІэ, журтхэр зэтезыкІэ украин националистхэм я бандэм и Іэтащхьэ хъущ. КІыигъуеи дыщэкІэхэр зыдэлъ шумэданиті иІыгъуу иужькІэ Германием кІуащ. Абы Гитлер щызригъэщІыкущ иКІи ар къыдэІэпыкъуурэ ОУН-р къызэригъэпэщащ. 1928 гъэм а зэгухьэныгъэм Германием къыщызэІуиха школым Коновалец и боевикхэр нэмыщІ офицерхэм щыхуагъэсащ террорист щІэпхъаджагъэхэр зэралажьыну щІыкІэм. Иужьрейхэм экзаменыр зэпэщу ятащ: Варшавэ Польшэм и министр Перацкэр, Львов совет дипломат Майловыр щаукІащ.

1938 гъэм Коновалец Іуихыну унафэ щІащ Іа совет Пасхъэщ1эх Судоплатов Павел. Сыхьэтым трауха кьагъауэ Іэмэсымэр хагъэпщкІыт Коновалец зыпищІ щымыІэ украин шоколад кІэнфетхэм. Судоплатовым абы ириухьІащ Роттердам и ресторанхэм ящыщ зым щызэІущІэну. КъэкІуащ иКІи и Іэнэм трилъхьащ кІэнфетхэр зыдэлъ пхъэнтэ цІыкІур. ИтІанэ и унафэщІхэм ираджэу жиІэри щІэкІыжащ, нэхъ иужьыІуэкІэ зэхуэзэну къиГъэгугъри. Дакъикъэ 20 дэкІри, лагъымыр къэуащ.

БОРТЭ Юлие.
«Аргументы и факты».

● Щыпіэ телъыджэхэр

Комо хыжьейр Италием и нэхъ гуэлышхуэхэм иКІи дахащэхэм щыщщ. Абы и Іуфэхэм Іуащ1ыхьырт лъапсэ зыкъэзыхъэр. ЦІыхухэр нэхъ дэзыхьэхыр д Эсте уардэ унэрщ, кардиналым и унафэкІэ лІэщІыгъуи 5 илъэкІэ яухуарщ. Гуэлым метр 410-рэ и кууагъщ. Километр 47-рэ зи кІыхьагъ, километри 2 зи бгъуагъ абы кхъухьхэм хуиту къыщІакІухь. Зызыгъэпсэхухэм абы кьыхэкІыу Іэмал яГъуэт щІыпІэ телъыджэхэр къаплъыхьыну.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Октябрь революцэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

Пащтыхьыншэу

Илъэсищэ ипэкІэ, 1917 гъэм гъатхэпэм и 15-м (жьы къэбжьыкІэмкІэ гъатхэпэм и 2-м) император Николай ЕтІуанэм Іэ тридзащ пащтыхьыгъуэм зэрытекІым теухуа тхылъым. Мамырыгъэрэ лейтеиншагъэрэ къахуэзыхьыну ягугъа а Іуэхур зэрыхьэзрий инхэм я щІэдзапІэу къыщІэкІащ. Пэжу, инэІуэкІи Урысейм щытыкІэр щыщІагъуэтэкъым.

КІыХЬ ХЪУА зауэм гъащІэм и гущІыІум къыдрихьеящ къэралыр зыхэхуа гупъуэхь псори. Жьылагъуэм и нэхъыбэр хуейтэкъым монархие. Уеблэмэ, Думэми къыщІыувырт Николай ЕтІуанэр ямыдзу. Къэрал псом пэкІухэм щызэхьхьэрт зауэмрэ пащтыхь властымрэ зымыдэ цІыхухэр. 1917 гъэм и пэщІэдзэм, зэрыщІыту къапщтэмэ, апхуэдэ зэхуэсхэм хэтащ гуащІэрыпсэу мин 700. Петербург щыІэ Путиловскэ заводым лэжьыгъэр щагъэзывІа иужь уэрамхэм къыдыхьахэм зэуэ къахэхъуащ рабочэ мин 128-рэ. Полицэр ебгъэрыкІуащ зыкъэзыІэтахэм, лъы яГъэжащ. Николай ЕтІуанэм щыхьэрым дзэ игъэкІуащ, арщхьэкІэ абыхэм ядакъым лэжьакІуэхэм яхуэзэн. ИтІанэ пащтыхьым телеграммэхэр Іэрыхьэу хуежьащ революцэр зэрытекІуам теухуаеу. Фронтхэм я унафэщІхэм къагъэувырт властыр зыкъэзыІэтахэм иратыну. Пащтыхьым и министр, генерал зыбжанэ яГъэтІысакІэт.

«Петроград щыІэ щытыкІэр апхуэдэщи, Думэм щыщ министерствэм зыри хузэфІэкІыныкъым, лэжьакІуэ комитетыр - социал-демократ партыр - абы къызэрыпэщІэувам къыхэкІыну - иритхащ захъэгр зыбгъна пащтыхьым и дневникым. - Сэ сытекІын хуейщ... Урысейр къегъэлын, дзэр фронтым къыІунэн папщІэ а лъэбакъэхэм сытегушхуэн хуейщ. Сэ арэзы сыхъуащ. ИхъуреягъкІэ къызэпщІыжх!»

Тхьэм и ІыкІуэм тахьтэр зэрибгінам члисэр зыкІи игъэпІейтеякъым. Абы динщІэкъуэхэр къыхуириджащ властыщІэр даІыгъыну. Тхьэ щелъэІукІэ къагъэсэбэпыжакъым пащтыхьымрэ абы и унагъэмрэ хьумэным теухуа псалъэхэр.

Пащтыхьым и манифестыр пэж хьэмэрэ пцІы? Абы и жэуапри зэІубэкъым. Ялэрауэ, тхьилъым Іэ тридзащ къэрэндащкІэ, абы щыгъэми, апхуэдэхэм деж сыт щыгъуи кьигъасэбэпыр шакъат. ЕтІуанэрауэ, Іэкіэ тха манифестыр зэрыбкІэ тредзат. А псоми Іэмал къатырт ар пащтыхьым и Іэдакъэ къыщІэмыкІауэ шэч угъэщІыну. Ауэ абы зыри зэрихъэкІыжьифынукъым.

Монархыр зэрытекІам теухуа хьыбарыр занщІэу империем и щІыпІэ псоми щызэпъащІысащ - февраль революцэм иужькІэ ар республикэ хъуат. Налшык къуажэшхуэми цІыху куэд зыхэта пэкІухэр щекІуэкІащ. Гущ1эрыпсэухэм къагъэуІыт политикэ хуитынгъэхэр иратыну. Пащтыхь администрацэр занщІэу Іуахащ. Налшык округым и Іэтащхьэм и пІэкІэ къыкъуэкІащ ПІалъэкІэ щыІэ правительствэм и окружной комиссар Чыжьокъуэр. Гъэзэщ1акІуэ комитетым хагъэхьащ щІышхуэхэр, шы гуартхэр зиІэхэу Куэцэр, Къэрэшейр, Сэхъур, Урусбиевыр, Къармэр. Къуажэхэми старшинэхэр комиссархэмкІэ щызэрахьуэкІащ.

Арщхьэкіэ мэкъумэшыщІэхэм ялъагъуртэхьэм пащтыхь властымрэ ПІалъэкІэ щыІэ правительствэмрэ куэдкІэ зэщхьэкІыкІыу. Абы щыгъуэми зыпэлІъэ зэхъуэкІыныгъэхэм яжь ящІихуат. Къуажэдэсхэм ираупщІыкІырт мэзхэр, я Іэщхэр щагъэхьуакІуэрт шу гуартхэр зиІэхэм я хъупІэхэм, къуажэ комиссархэм я унафэхэр зэгъэзащІэртэкъым. Зэрыгъэхьэ къэхъуащ. 1917 гъэм и щыщхьэуІум Чыжьокъуэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я мэкъумэшыщІэхэм захуигъэзащ. Ар щыгъуаэрт абыхэм я Іуэху епльыкІэми, яхуэдэлъащ: «Ныбжьэгъу бгырысхэ! Фи Хэкум фемыпщІыж, фи кІалэнхэр екІуу иКІи и чэзум вгъэзащІэ. Сыт щыгъуи зыщІывмыгъэгъупщэ ар фэ езыхэм ффІэфІу фымыщІэмэ, ПІалъэкІэ щыІэ правительствэм абы тКІийуэ фызэзырихулІэфынур». Арщхьэкіэ а къыхуеджэныгъэм зы мыхьэнэ гуэри иІакъым къулейсызхэм я дежкІэ. А зэманым революцэ лэжьыгъэшхэр ирагъэкІуэкІырт Къалмыкъ БетІал, Къэрэшей Хьэжумар, Настуев Исуф, Энеев Магомед сымэ. Абыхэм цІыхухэр къхьураджэрт зэкъуэувэну, урысхэм хуаІэ ныбжьэгъуГъэр ягъэбыдэну. Псори хуэкІуэрт революцэ-щІэм.

ГАБУЕВЭ Анна.
«Кабардино-Балкарская правда».

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

ПсыкІэху къуажэм щыпсэу Къамбий Амир Анзор и къуэм и ныбжьыр нобэ илъэс 18 ирокъури, дохъуэхъу

КуэдкІэ дызыщыгугъ, фІыуэ тлъагъу Амир Кавказ Ищхъэрэм Гъуаздджэхэмкіэ и къэрал институтым щоджэ.

Амир, балигъ гъащІэм ухэуваУэ аращи, узыншагъэ, дэрэжэгъуэ мыкІуэщІ уиІэу, нэхъыжьхэм я жьауэм ущІэту, нэхъыщІэхэм уращапхъэу упсэуну ди гуапэщ. Дыхуейщ уи щІэныгъэм хэбгъахъэу, уи адэ-анэр, кьыбдалъхуахэр, адыгэ лъэпкъуэркІэ гушхуэзудунейм утетыну. Насыпыр1э Тхьэм уищІ!

Фіыуэ укъэзылъагъу Къамбийхэ, Уэрдокъуэхэ, Вистайхэ, уи ныбжьэгъухэр.

● Хъуэхъу

● Зэпеуэхэр

Пщащэ щІыкІафІэхэр

Старэ Шэрэдж (Дохъуэшыкъуей) къуажэм дэт езанэ курыт еджапІэм иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ «Адыгэ пщащэ-2017» зэпеуэр.

ИЖЬ ЗЭМАН лъандэрэ ди бзылъхугъэхэм яхэлъ хабзэ дахэр, Іэдэбагъыр, нэмысыр къыдэкІуэтей щІэблэмэ яхэлъхьэн, къызыхэкІам я пщІэр яІэту, адыгэ напэр яхъумэу ахэр гъэсэным теухуауэ щыта зэхьэзэхуэм хэтащ 10-нэ классым щеджэхэу Къуащхьэтіу Данэ, Шыд Каринэ, Дзыгъуанэ Миланэ, Хьэмдзэху Ланэ, Мер Сэтэней, 8-нэ классым щІэсхэу Мер Виолеттэ, Мер Нарсанэ, КІэфо Парианнэ сымэ.

Зэпеуэм кьрихьэлІащ Аруан куейм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Къущхьэтіу Хьэутий, кьуажэ администрацэм и унафэщІ Мырзэ Хьэчим, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэу Нэгуэр Зиуар, Бырсекъуэ Орфан, Шорэ Хьисам сымэ, Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент Унэлокъуэ Вячеслав, КъБКъУ-м ЦІыпІынэ Аслъэн и цІэр зезыхьэ и Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщІ Езауэ Мадинэ, Дохъуэшыкъуей дэт школ №2-м и егъэджакІуэ, щІэблэм щІэныгъэ гуэдзэ ятыныкІэ абы и центрым и художественнэ унафэщІ Уэзрокъуэ Джульеттэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Пащащэхэм я утыку ихьэкІэмкІэ зыкъыдагъэсІыхуащ япэщІыкІэ. Абыхэм яГъэхьэзыра презентацэхэмкІэ кьагъэлъэгуащ я лъэпкъым, унагъуэм, еджапІэм, я хъуэпсапІэхэм ятеуухуа теплъэгъуэхэр, жюрим хэсхэм я упщІэхэми гъэхуауэ жэуап иратащ. ЖьыпІэнурамэ, дэтхэнэзыри щІыкІафІэт, зэпІэзэрытт, акъыл жант, я зыхэзыми «Адыгэ пщащэ» цІэр хуэбгъэфащэ хъун хуэдэу.

Зэхьэзэхуэм и кІэхыу пщащэхэм я фащэхэр яГъэлъагъуэри, пшыхьыр хъужьу дахэкІэ зэхуащІыжащ. Дэтхэнэ зы хъыджэбзми цІэ дахэхэр фІащащ: «Пащащэ щІыкІафІэ» цІэр хуагъэфащащ, Шыд Каринэ, «Пащащэ акъылыфІэ» фІащащ, Дзыгъуанэ Миланэ, Хьэмдзэхъу Ланэ «Пащащэ нэфІэгуфІэ» цІэмкІэ хуэупсащ, Мер Нарсанэ - «Къафэм и гуащэ», КІэфо Ларианнэ - «Пащащэ нэІурыт», Мер Виолеттэ - «Пащащэ фІэрафІэ», Мер Сэтэней - «Пащащэ гумызагъэ» хъуащ. Пащащэхэм я зэфІэкІыр къэзыщІыта псори зэхьэзылэгъуу «Адыгэ пщащэ-2017» цІэр хуагъэфащащ Къущхьэтіу Данэ.

Алборэ Аслъэн Сулимэн и къуэр зи унафэщІ мы школым и цІэр фІы и лъэныкъуэкІэ куэдрэ къыщІаІуащ республикэм къэралым и нэгъуэщІ щІыпІэхэми. Абы и гъэсэнхэм олимпиадэ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм бжьыпэр мызэ-мытІэу къыщащхьащ. Адэкіи ехьупІэнгъэхэр яІэу, еджапІэм и пщІэр яІэту куэдрэ лэжьэну ди гуапэщ.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*

Музей къызэІуах

● Аруан щІыналъэ

Нартхьалэ дэт еханэ курыт еджапІэм иджыблагъэ къыщызэІуахащ тхыдэмрэ лъахэхутэ Іуэхухэмкіэ музей.

МЫБЫ щІэлъщІ тхыдэ дерсхэр щІэщыгъуэу егъэкІуэкІыныкІэ егъэджакІуэхэми еджакІуэхэми зэхуэдэу къахуэсэбэпын куэд: археологхэм къагъуэта къэпшапхэр, пасэ зэманым ди цІыхухэм къагъэсэбэпу щыта Іэмэпсымэхэм щыщ, зэман гъунэгъу блэкІам къыддэгъуэгурыкІуа техникэ Іэмэпсымэхэм, ящу къагъэсэбэпа компьютерхэр, тхыгъэ зэрыградзэ машинкэхэр, катушкэкІэ лажьэу щыта магнитофонхэр. Мыхэр къызэрежьэрэ зэман куэд дэкІаУи пхужьІэнукъым, ауэ, щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ ІуІэми и зэфІэкІым нэрылъагъуу псынщІэу зэрызиужьыр къэтпытэмэ, а хьэпшапхэм я дэтхэнэми ди тхыдэм уеыпІэ щиубыдащ.

Музейм иІэщ ди къэралым къикІуа гъэсэгуанэм теухуа плІанэпэшхэр. Абы фІэлъщ Совет Союзым и ЛІыхъужьхэм, зауэлІ-интернационалистхэм я сурэтхэр, зауэ зэманым сэлэтхэм зэрахьэу щыта гъущІ пыІэхэр, фочышэхэр, лагъым пкъыгъуэхэр.

Музейм щІалъхьа хэпшыпхэм иджыри къэхъагъэкъуэну я мурадщ. АбыкІэ куэжэдэсхэр къадэІэпыкъунущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
Хьэфіыціэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Щырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Кьаншокьуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, НэщІэпыдкэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтекІу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзащ и 19-м Печатным и хуитынымрэ хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *редактору* **ЖЬэКІЭмыхъУ Маринэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Инн э** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ**. *Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №372